

## PANGAJARAN TEHNOLOGI CANGGIH

### A. MACA

#### Tujuan:

10. Siswa mampu mencari, mengumpulkan, dan menyerap informasi secara lisan maupun tertulis.

*Maham Eusi Wacana Prosa Eksposisi*

## TÉHNOLOGI CANGGIH

Téhnologi *canggih/tinggi/rumit* nya éta gabungan élmu pangawéruh (aplikasi sains) anu utamana didadasaran ku élmu *eksakta*, nu aya patalina jeung hasil industri, dirojong ku cara nyetelkeunana (*merakit*) jeung cara ngagunakeunana dina kahirupan tur acan aya tandinganana. Conto téhnologi canggih saperti ieu di handap.

- Cara nyieun kapal udara, saperti nu *dirakit* ku IPTN (Industri Pesawat Terbang Nusantara) Bandung;
- Cara ngagunakeun komputer pikeun alat olah/*analизатор*, saperti mariksa hasil testing/ujian, jeung mariksa bayi dina kandungar, ku USG;
- Cara ngagunakeun *instrumen laser* dina widang kasehatan jeung industri, saperti dina widang kasehatan sinar laser dipaké ngabédah batu hamperu jeung batu ginjal ku cara ditembakkeun; dina widang industri, sinar laser digunakeun pikeun motongan waja nu ukuran gedé;
- Cara ngagunakeun alat *komunikasi jarak jauh*, boh nu langsung jeung gambar, boh nu henteu langsung.

*Conto babandingan téhnologi:*

*Téhnologi Basajan*

- a. Satengah jadi nepi ka jadi
- b. Tingkat katalitian handap
- c. Ampir teu aya risiko
- d. Waragadna teu pati gedé

*Téhnologi Madya*

- a. Saparapat/satengah jadi nepi ka jadi
- b. Tingkat katalitian sedeng
- c. Risikona sedeng
- d. Waragadna gedé

*Téhnologi Canggih*

- a. Saparapat jadi nepi ka jadi
- b. Tingkat katalitian luhur
- c. Risikona luhur
- d. Waragadna gedé pisan

### **Jawab ieu soal ku cara nyakra aksara panuduh jawaban!**

1. Téhnologi gabungan élmu pangawéruh nu aya patalina jeung hasil industri, dirojong ku cara nyetelkeunana jeung cara ngagunakeunana tur acan aya tandinganana sok disebut téhnologi
  - A. madya
  - B. hilir
  - C. canggih
  - D. menengah
2. Cara nyieun kapal udara, saperti nu dirakit ku IPTN (Industri Pesawat Terbang Nusantara) Bandung kaasup conto téhnologi
  - A. madya
  - B. basajan
  - C. canggih
  - D. hilir
3. Bapa Dr. Suwarno nuju ngadamel program dina komputer kanggo marios hasil ujian. Alat nu digunakeun ku anjeunna kagolong alat téhnologi
  - A. basajan
  - B. baku
  - C. canggih
  - D. ahir

### **Jawab ieu soal!**

4. Ngolah bahan satengah jadi nepi ka jadi, tahap katalitianana handap, ampir teu aya risiko, sarta waragadna teu pati gedé. Téhnologi anu kitu kaasup kana téhnologi....
5. Ieu téhnologi téh ngolah bahan saparapat jadi nepi ka jadi. Ku lantaran kitu atuh tingkat katalitianna gé luhur, risikona luhur, malah waragadna gedé pisan, leu téhnologi téh sok disebut téhnologi....

### **2. *Ngabédakeun antara Fakta jeung Pamadegan***

Dina ieu pangajaran hidep kudu ngabédakeun antara fakta jeung pama-degan, anu témania téhnologi canggih.

**Fakta** nya éta hal (kanyataan atawa peristiwa) nu bener-bener kajadian/ aya. **Pamadegan** (Ind. *pendapat*) nya éta anggapan yen hiji hal bener atawa salah. Ari **kacindekan** (*pamadegan*) nya éta pamadegan ringkes dumasar pedaran samemehna.

Conto:

#### *Fakta*

IPTN nyieun pesawat kapal terbang

#### *Pamadegan*

- Ceuk kuring mah IPTN la- mun diheuyeuk ku nu ahlina mah bakal terus mekar. – IPTN lamun karyawan jeung pingpinanna diganti ku nu lain ahlina bakal bangkrut.

### Kacindekan

- IPTN lamun diheuyeuk ku nu ahlina mah bakal terus mekar, tapi lamun nu ngaheuyeukna lain ahlina bakal bangkrut.

### Jawab ieu soal!

Eusian ieu titik-titik kolom nu geus disadiakeun!

No. Fakta	No.	Pamadegan
1. Téhnologi basajan ngolah bahan satengah jadi nepi ka jadi.	1a.	...
2. ...	2a.	Téhnologi basajan jeung téhnologi menengah sarua modalna.
	2b.	...
3. ...	3a.	Téhnologi canggih kudu loba karyawanna.
	3bb.	Téhnologi basajan teu meunang loba teuing karyawanna.

### 3. Nangtukeun Gagasan Poko

Dina wacana di luhur aya kalimah

- **Téhnologi canggih/tinggi/rumit** nya éta gabungan dlmu pangawérüh (aplikasi sains) anu utamana didadasaran ku élmu éksakta, nu aya patalina jeung hasil industri, dirojong ku cara nyetdlkeunana (merakit) jeung cara ngagunakeunana dina kahirupan tur acan aya tandinganana.

Kalimah bieu gagasan pokona téh téhnologi canggih/tinggi/rumit. Gagasan poko atawa gagasan utama sabenerna mah kalimah inti. Gagasan poko bisa dirojong ku sababaraha gagasan tambahan. Upamana ku conto-conto, jeung sabab akibat.

Gagasan poko téh bagian tina lengkah-lengkah nyusun rangkay karangan. Ari lengkah-lengkah nyusun rangkay karangan:

- 1) nangtukeun gagasan poko
- 2) nyatet gagasan nu muncul
- 3) milih jeung ngaranjing-ranjing gagasan nu muncul sangkan luyu jeung gagasan pok
- 4) ngatur gagasan nu kapilih jadi rangkay karangan
- 5) mariksa rangkay karangan nu perlu dilegaan jeung nu perlu diheureutan
- 6) nyusun rangkay karangan, jeung
- 7) mariksa deui rangkay karangan nu geus disusun bisi aya nu teu merenah.

Jadi, nangtukeun gagasan poko téh lengkah nu utama dina kagiatan ngarang.

### 4. Nangtukeun Bagian nu Nuduhkeun Sabab Akibat

- Hasil Ebtanas sa-Indonésia dipariksa ku hasil téhnologi canggih nya dta ku komputer, henteu dipariksa ku jalma. leu téh ngahaja, sabab lamun dipariksa ku jalma mah kamungkinan merlukeun waktu lila, jeung mungkin kaayaan jalma nu mariksa teu angger. Lamun kaayaan jalma nu mariksa teu angger ngabalukarkeun peunteun teu ajeg. Lamun teu ajeg atuh bisa ngarugikeun ka pihak-pihak nu tangtu. Ku sabab kitu, nya komputer nu dipaké mariksa hasil ujian téh.

Dina karangan (wacana) sok aya paragraf nu dimekarkeun ku cara ngagunakeun sabab akibat (kausal), saperti conto di luhur.

Cara ngamekarkeun susunan rangkay karangan nu logis bisa ku rupa-rupa cara. Upamana ku cara:

- a) **induktif** (tina conto kana wangenan/rumus atawa tina nu husus kana nu umum)
- b) **deduktif** (tina wangenan atawa rumus dituturkeun ku conto)
- c) **familiaritas** (tina nu teu dipikanyaho heula kakara ka nu dipikanyaho ku nu maca)
- d) **akseptabilitas** (tina hal nu kira-kira ditarima nu maca tuluy dipungkas ku hal nu mungkin ditolak nu maca), jeung
- e) **sabab akibat** (sabab balukar tina akibat atau akibat dibalukarkeun tina sabab).

##### 5. *Nangtubeun Kecap Serepan tina Basa Asing*

Di kelas hiji caturwulan dua, pangajaran dua geus dipedar kecap serepan tina basa Indonésia. Dina ieu pangajaran urang diajar kecap serepan tina basa asing.

Basa asing mangaruhun kana basa Sunda. Loba kecap basa asing nu nyerep, asup jadi kecap basa Sunda (jadi **basa kosté**). Kecap nu asalna tina basa asing téh karasa geus lain basa asing deui.

Loba hal nu ngamungkinun ayana kecap serepan tina basa asing. Upamana baé pangaruh sains (élmu pangawérüh), téhnologi, jeung industri.

Sains nu ditulis maké basa asing tangtu ngandung rupa-rupa istilah basa asing, saperti sampel (*sample/conto*), *data*, *analisis*, *approach 'pendekatan'*, 'pamarékan', jeung *grafik* (basa Inggris). Upama éta sains téh digunakeun ku urang Sunda, atuh istilahna ogé bakal digunakeun. Sok komo lamun dina basa Sunda teu nyampak piistilaheunana. Ahirna, istilah *sains* téh dipaké digunakeun, tegesna diserep jadi kecap basa Sunda. Kecap tina basa asing bieu geus diparake dina karya ilmiah basa Sunda *di kalangan ilmuwan* perguruan tinggi, najan dina taun 1985 acan diasupkeun kana Kamus Umum Basa Sunda (kamus nu kudu dilengkepan).

Téhnologi dipangaruhun ku basa nagara nu boga asal téhnologi. Lamun téhnologi dipaké, hartina istilahna ogé dipaké. Mingkin loba nu maké hasil téhnologi, mingkin loba nu maké istilahna. Contona, kecap *traktor* (mesin palagi nyambut/magawé), *kang lie* (alat paranti ngurut anu digerakkeun ku tanaga listrik atawa ku batu batere), *juicer* (paranti mérés buah-buahan atawa sayuran), *hard disk* (paranti neundeun data ketikan dina komputer), *starter* (alat paranti ngahirupkeun mobil atawa motor), jeung istiiah-istilah séjén, asalna tina basa asing. Teu bisa diganti ku kecap basa Sunda, jaba euweuh istilahna nu mérénah téh, ogé eleh populer.

Industri pakéan saperti *dasi*, *jas* (basa Walanda), *kaméja* (basa Portugis); industri alat kecantikan saperti *maké up* (basa Inggris) geus jadi istilah nu dipaké dina kahirupan sapopoé urang Sunda, geus diserep jadi kecap basa Sunda.

Pangaruh sains, téhnologi, jeung industri téh sabenerna mah pangaruh kontak sosial budaya. Ku ayana kontak sosial budaya, basa asing mangaruhun kana kabeungharan kecap basa Sunda. Ahirna, loba kecap basa asing nu asup nyerep jadi basa Sunda nu disebut *kecap serepan tina basa asing*.

Basa anu dipaké nuliskeun sains, industri, téhnologi, budaya jeung hal- hal séjén nu anyar bakal mangaruhun tur diserep ku basa nu hirupna kurang atawa henteu dipaké nuliskeun éta hal. Upama hiji basa hayang mangaruhun basa séjén, nya kudu dipaké ngabewarakeun hal nu anyar nu basa batur acan bogaeun.

Kecap serepan nu asalna tina basa asing nu aya dina wacana Téhnologi Canggih di luhur nyaéta saperti téhnologi, *aplikasi*, *sains*, élmu, eksakta, *industri*, *testing*, *instrumen*, jeung *komunikasi*. Éta kecap téh upama dilarapkeun kana kalimah bisa saperti ieu di handap.

- téhnologi (Ing. technology)  
Téhnologi kudu digunakeun luyu jeung kaayaan alam.
- aplikasi (Ing. application) = larap  
Najan teorina bener ari aplikasina salah mah bakal rugi.
- sains (Ing. science) = élmu pangawérüh  
Kamajuan sains kudu diimbangan ku budipekerti nu luhur.
- élmu (Ar. iimun) = kanyaho  
Élmu mah teu beurat dibawa, tapi mangpaatna loba.
- eksakta (Ing. exact) = élmu pasti  
Boh eksakta boh élmu sosial pada-pada penting.
- industri (Ing. industry)  
Industri rumah tangga ngarojong perdagangan.
- testing (Ing. testing)  
Nu rék asup sakola téh ludu ditestig heula?
- instrumen (Ing. instrument) = alat  
Data téh dikumpulkeunna maké instrumen panalungtikan.
- komunikasi (Ing. communication) = hubungan  
Jalma nu kurang komukinasi mah katinggaleun beja.

**Jawab ieu soal ku cara nyakra aksara panuduh jawaban!**

1. Lengkah-lengkah nyusun rangkay karangan:
  - a) nangtukeun gagasan poko,
  - b) nyatet gagasan nu muncul,
  - c) milih jeung ngaran- jing-ranjiing gagasan nu muncul sangkan luyu jeung gagasan poko,
  - d) ngatur gagasan nu kapilih jadi rangkay karangan,
  - e) mariksa rangkay karangan nu perlu dilegaan jeung nu perlu diheureutan,
  - f) nyusun rangkay karangan, jeung
  - g) mariksa deuirangkay karang- an nu geus disusun bisi aya nu teu mérénah.

Naon gagasan poko kalimah bieu?

- A. cara ngarang nu hadé
- B. nyusun rangkay karangan
- C. lengkah nyusun rangkay karangan
- D. cara ngabebenah karangan

2. *Kamajuan sains, téhnologi, jeung industri urang mangsa ka tukang loba katinggaleun ku nagara-nagara maju. Ku lantaran kitu, istilah sains, tbhnologi, jeung industri loba nu asalna tina basa nagara maju téa.*

Éta istilah téh teu bisa diganti ku kecap basa Sunda. Jaba euweuh istilahna nu mérénah téh, ogé eleh populer, jeung deui lamun dipaksa diganti bakal béda maksudna.

Cara ngamekarkeun susunan karangan bieu kaasup

- A. induktif
  - B. familiaritas
  - C. deduktif
  - D. sabab akibat
3. Kalimah nu ngagunakeun kecap serepan tina basa Portugis
- A. Ngala cai sari tomat leuwih gancang maké *juicer* batan maké turasan.
  - B. Ka masjid téh leuwih sopan maké *kameja* batan maké kaos oblong.
  - C. Beas *huller* leuwih alus batan beas beunang nutu di lisung.
  - D. Kamajuan *sains* jeung téhnologi loba mangpaatna pikeun kahirupan.

### **Jawab ieu soal!**

4. Upama urang rék ngamekarkeun susunan rangkay karangan nu logis, urang bisa ngagunakeun cara 1) induktif, 2) deduktif 3)... 4) ..., jeung 5) cara....
5. Naon sababna loba kecap basa asing nyerep kana basa Sunda?

### **B. NULIS**

#### **Tujuan:**

5. Siswa mampu memahami dan menggunakan kata-kata umum, kata-kata khusus, dan istilah dalam kalimat.

1. *Nyatet Kecap nu Robah Harti*

*Saur Ibu guru, "Dina jaman téhnologi canggih mah sarjana ti kalangan wanita téh loba. Malah anak bujangan gé aya nu jadi sarjana. Atuh meunang pagawadnna teu kudu méré amplop sagala. Ieu kajadian téh estu matak ngaruy, pikabitaeun."*

Kalimah bieu ngandung parobahan harti **ngalegaan, ngaheureutan, ngaluhuran, ngahandapan, matukeurkeun** jeung **ngupamakéun**.

- a. Parobahan harti jadi ngalegaan

- **Ibu** Kokom Komariah téh ibu angkat abdi.
- **Bapa** Daca Sudrajat dipikaresep ku siswana.
- **Tetéh** Ilah Rohilah rerencangan sakelas
- **Kang** Kastimin. Kang Risman Sumantri sareng Jang Tatang Sumarna ayeuna janten guru tetep di SLTPN.

Kecap **ibu, bapa, tetéh, kang (akang/kakang)**, jeung **jang (ujang)** dina kalimah di luhur kaasup kecap nu boga harti ngalegaan. Harti ngalegaan (meluas) nya éta harti nu anyar leuwih lega ambahanana batan harti heubeul.

Kecap **ibu** harti heubeul mah sesebutan ka awéwé nu geus ngalahirkeun wungkul, tapi harti nu anyar sebeutan ka awéwé nu pantes meunang panghormat sesebutan ibu (najan manehna can kungsi ngalahirkeun).

Kecap **putra** jeung **putri** baheula mah hartina téh anak raja nu lalaki jeung anak raja nu awwdwd, tapi ayeuna mah hartina sakur lalaki atawa awéwé. Kitu deui sesebutan nu patali jeung pancakaki, saperti **akang, ceuceu, aki, nini**, jeung **emang** sok digunakeun pikeun panggilan ka jalma séjén nu euweuh patalina jeung pancakaki, digunakeun pikeun panghormat wungkul.

*b. Parobahan harti jadi ngaheureutan*

- Najan pinter ari teu lulus program S-1 mah lain **sarjana**.
- Barudak Kristen diajarna aya nu ka **pendéta**.

Kecap **sarjana**, jeung **pendéta** dina kalimah di luhur kaasup kecap nu boga harti ngaheureutan. Harti ngaheureutan (*menyempit*) nya éta harti nu anyar leuwih heureut ambahana batan harti heubeul.

Kecap sarjana ayeuna mah hartina ngan sesebutan ka gelar ti perguruan tinggi, tapi baheula mah sesebutan ka sakur jalma nu luhur eluma, loba kanyahona ogé nyebut sarjana . Kitu deui kecap pendéta ayeuna mah ngan sesebutan ka guru agama Kristen, tapi baheula mah sesebutan ka jalma nu boga élmu ogé sok nyebut pendéta. Kitu deui kecap ustاد, gelas, sajada, gorombolan, jeung sastra kaasup kecap nu boga harti ngaheureutan.

*c. Parobahan harti jadi ngaluhuran*

- Hak emansipasi téh hak sasaruan kaum **wanita**.

Kecap **wanita** dina kalimah di luhur kaasup kecap nu boga harti ngalu- huran. Harti ngaluhuran (*ameliorasi*) nya éta harti nu anyar ajenna leuwih luhur batan harti heubeul.

Kecap wanita ayeuna mah *sesebutan ka awéwé karir*, tapi baheula mah sesebutan ka sato bikang. Kitu deui kecap *istri*.

*d. Parobahan harti jadi ngahandapan*

- Malah anak **bujang** ge aya nu jadi sarjana.

Kecap **bujang** dina kalimah di luhur kaasup kecap nu boga harti ngahandapan. Harti ngahandapan (*peyorasi*) nya éta harti nu anyar ajenna leuwih handap batan harti heubeul.

Kecap bujang ayeuna mah *sesebutan ka pembantu*, tapi baheula mah sesebutan ka jajaka wungkul.

*e. Parobahan harti jadi matukeurkeun*

- leu kajadian téh estu matak **ngaruy**, pikabitaeun.

Kecap **ngaruy** dina kalimah di luhur kaasup kecap nu boga harti matukeurkeun. Harti matukeurkeun (*sinesthesia*) nya éta robahna harti kecap balukar patukeurna tanggapan antara dua indra (anggota awak).

Kecap ngaruy kuduna mah tanggapan indra létah lantaran kabita ku dahareun, tapi ieu mah lain tanggapan rasa létah. Dipatukeurkeun tanggapan indra. Kitu deui kecap hambar saperti dina kalimah:

- Nu boga kasalahan mah nyaritana **hambar**.

*f. Parobahan harti jadi ngupamakéun*

- Atuh meunang pagawaen téh teu kudu méré **amplop** sagala.

Kecap **amplop** dina kalimah di luhur kaasup kecap nu boga harti ngupamakéun. Harti ngupamakéun (*asosiasi*) nya éta robahna harti kecap balukar boga sipat nu sarua jeung kecap séjén.

Kecap **amplop** hartina lain bungkus surat, tapi duit panyogok. Kitu deui kecap **leuleueur** 'pelicin' jeung kecap **surat sakti**. Leuleueur hartina lain barang nu leueur, tapi ruruba (sogokan, barang nu dibikeun ka gegedén, supaya nyaahéun ka nu méré). Surat sakti lain hartina surat nu sakti, tapi surat ti saluhureun (pangkat, jabatan, pingpinan) ka ka sahandapeun (bawahan) nu eusina kahayang nu kudu ditedunan, biasana sok hese nolakna.

### **Jawab ieu soal ku cara nyakra aksara panuduh jawaban!**

1. Harti kecap nu ngalegaan aya dina kalimah
  - A. Ayi Drs. Kustian Dermawan téh sobat ngawayang abdi.
  - B. Carogéna langkung ti payun janten sarjana.
  - C. Seueur nu janten bujang di Saudi Arabia.
  - D. Saperti nu enya baé, upami jangji téh amis.
2. Bebeneran mah ulah bisa ditukeuran amplop. Kecap **amplop** kaasup kecap nu boga harti
  - A. ngaheureutan
  - B. ngupamakéun
  - C. ngalegaan
  - D. ngaluhuran
3. Conto kecap nu hartina ngaheureutan
  - A. wanita, istri
  - B. hambar, amis
  - C. gelas, gorombolan
  - D. leuleueur, ruruba

### **Jawab ieu soal!**

4. Susun hiji kaiimah rnake kecap leuleueur nu hartina ruruba!
  5. Tulis hiji kalimah maké kecap hambar nu ngandung harti sindstesia!
2. *Nyatet Babasan jeung Hartina*

### **Tujuan:**

6. Siswa mampu memahami dan menggunakan ungkapan.

Rani: "Dihin pinasti anyar pinanggih, sagala nu kaalaman ayeuna saestuna geus ditangtukeun ti heula ku Pangeran."

Rasi: "Tapi lamun usaha pikeun ngarobahna, insya Atloh moal kajadian."

Rani: "Nu matak urang wajib ihtiari, sangkan nasib urang alus."

*Dihin pinasti anyar pinanggih* kaasup conto **babasan**. Babasan téh ucapan matok nu dipaké dina harti injeuman (*Djajawiguna* jeung *Kadarisman*, 1983: 3). Ieu di handap aya sawatara conto babasan.

- Anjeunna mah *henteu unggut kalinduan gedag kaanginan* upami nyarioskeun aturan hukum téh.

- = pageuh nyekel tangtungan sorangan, henteu kapangaruhan ku ruruba.
- Nangtukeun kaputusan mah kudu *dibeuweung diutahkeun* heula.  
= dipikir kalayan asak.
- Upami kanggo waragad putra sakola mah *taya dunya kinasihan*.  
= taya barang nu dikoitkeun pikeun kabagjaan jalma nu dipikanyaah.
- Ari hayang dipikolot omat kalakuan ulah *kokolot begog*.  
= ngomong teu mérénah kawas kolot, begog = monyet.
- *Asa katumbu umur* ku manehna téh teuing kumaha mulang tarimana.  
= ngarasa atoh ditulungan dina keur aya kasusah.
- Sanajan nepi ka bisa ngukir langit, poma urang ulah suaban, da aya nu langkung pinter nya éta Alloh.  
= sanajan sakumaha pinterna.
- Najan aya babasan *hutang uyah bayar uyah, hutang nyeri bayar nyeri*, kanggo jalmi taqwa mah tara kitu, estu lautan hampura.  
= hutang pati, bayar pati, males kanyeri ku tindakan nu sarua. Jelema sok keuna ku owah gingsir, lamun ayeuna ngamusuhan, isuk pagéto bisa jadi ngajak sosobatan, eling ngajak hadé. = robah kaayaan atawa robah tangtungan.
- *Gemah ripah ioh jinawi* jadi harepan urang.  
= gegek cacahjiwana sarta raharja.
- *Hadé gogog hadé tagog* kudu dibiasakeun ti bubudak.  
= hadé basa hadé tata.

**Jawab ieu soal ku cara nyakra aksara panuduh jawaban!**

1. Jalma mah tara langgeng, kakeunaan ku sipat robah kayaan atawa robah tangtungan.
  - A. Jelema sok keuna ku owah gingsir
  - B. Dihin pinasti anyar pinanggih
  - C. Hadé gogog hadé tagog
  - D. Gemah ripah loh jinawi
2. Jalma hadé tata hadé basa mah loba nu mikaresep
  - A. Jelema sok keuna ku owah gingsir
  - B. Dibeuweung diutahkeun
  - C. Hadé gogog hadé tagog
  - D. Taya dunya kinasihan
3. Sanajan sakumaha pinterna ka indung bapa mah kudu hormat. Nu dicitak condong téh keuna kana babasan
  - A. Aya bagja teu daulat
  - B. Unggut kalinduan gedag kaanginan
  - C. Moal ceurik ménta eusi
  - D. Sanajan nepi ka bisa ngukir langit

### **Jawab ieu soal!**

4. Larapkeun kana kalimah ieu babasan
  - a. Dibeuveung diutahkeun
  - b. Asa katumbu umur
5. Naon hartina ieu babasan
  - a. Henteu unggut kalinduan gedag kaanginan
  - b. Taya dunya kinasihan

### **C. NYARI TA**

#### **Tujuan:**

13. Siswa mampu mengungkapkan perasaan, keinginan, gagasan, pendapat, dan pengalaman secara lisan maupun tulisan.

#### *1. Ngedalkeun Pamanggih perkara Eusi Bacaan*

#### **SABIL (Drama Sababak)**

*Di panggung bapa umur 40 taun diuk dina golodog imah bari nangkeup tuur. Panonna neuteup ka nu jauh, siga keur nyawang. Gigireunna diuk anak lalaki umur 10 taun, keur ngome langlayangan. Sakapeung mandhna ngarbrbt ka bapana nu keur diuk dina golodog.*

Kardi : (Nyusut kesang tina tarangna).  
"Bah, pajar Ujang rék dipangmeulikeun tv, cara batur!  
Jang Nana mah geus meuli tv anyar, berwarna. Ujang mah  
era milu wae lalajo ka batur."

*Ki Sadiho ngorejat kagareuwahkeun ku anakna. Ki Sadiho teu ndmbalan, malah ngaldos ka jero imah. Teu iila geus ka luar deui bari mawa cangkir. Kardi nenjo bapana nu siga teu malire omonganna geuwat malikan deui omonganna bari digorowokkeun.*

Kardi : (Ngabalangkeun kaleng).  
"Abaaah ..., pajar rék dipangmeulikeun tv!"

Ki Sadiho : (Nyentak bari ngagebrag palupuh)  
"Heueuh, rnangke heula! Loba teuing kahayang maneh téh atuh. Isuk ku dewek dipangmeulikeun, lamun munding geus kajual."

Kardi : (Melong ka Ki Sadiho).  
"Euleuh, munding rék dijual Bah! Apan sakeudeung deui usum panen."

Ki Sadiho : "Paduli rék usum panen, rék usum paceklik, sugaran maneh rék teu dahar, paduli!"

*Nyi Karmah, induna Si Kardi norojol ti tukang bari ngengengklek budak.*

Nyi Karmah : (Diuk gigireun salakina).  
"Aeh-aeh, Abah! Aya naon atuh ieu téh? Isuk keneh geus ngawalakwak. Era ku tatangga, jojorowokan siga nu kurang saeundan."

Ki Sadiho : (Nyentak, murang-mareng).  
"Paduli teuing, rék kurang saeundan, paduli! Sigana teu meunang nenjo dewek senang téh!"

*Nyi Karmah ngecagkeun anakna nu diengklek.*

Nyi Karmah : (Neuteup ka Ki Sadiho)  
"Abaaah, saha nu embung neuleu Abah senang téh, saha?  
Ujang, ku naon hapa maneh téh?"

*Kardi teu ndmbalan.*

Ki Sadiho : (Neuteup ka jauhna.) 'Yeuh, reungeukeun! Rék dikumahakeun nasib urang téh? Hirup salilana ngandelkeun tanaga munding. Sedeng ayeuna jelema-jelema geus ganti kana tanaga traktor. Rék kumaha dahar?"

*Ki Sadiho ngedalkeun Aasumpeg dadana, bangun peunggas harepan. Nyi Karmah ngaheneng. milu mikiran caritaan salakina,*

Ki Sadiho : (Ngaleos)  
"Heueuh, Jang. Tulus sigana mah munding téh dijual.  
Urang tukeurkeun kana televisi berwarna, nya!"

*Kardi emprak, ngarasa bungah. Ari Ki Sadiho jeung Nyi Karmah ukur silireret teu lemek, teu nyarék. Ti hareupeun panggung datang Pa Lurah, nyampeurkeun Ki Sadiho jeung pamajikanana.*

Lurah : (Nyelang ngadehem heula).  
"Puunten...!"

Ki Sadiho : (Semu reuwas).  
Maangga...! Aeh geuning Pa Lurah, mangga linggih Pa Lurah!"

Lurah : "Teu kudu, Jang!  
Lain, ieu téh muru perlunana baé, keun ari ngobrol mah séjén waktu ge bisa. leu mah susuganan, sugar Jang Dihpoé isuk moal gawé di nu séjén. Bapa rék ménta tulung ka Ujang."

Ki Sadiho : (Kerung).  
"Mundut tulung, badé mundut tulung naon Pa'?"

Lurah : "Nya éta hayang pangnyambuikeun sawah Bapa nu di lebak. Kitu ogé lamun Jang Dihpoé henteu gawé ka batur."

Ki Sadiho : (Colohok).  
"Nu mawi ieu gé Pa, nuju ngemutan éta sareng indungna budak. Perkawis padamelan mah kaleresan nuju suwung,

sakawitna mah parantos peunggas harepan, jalaran tanaga munding téh sapertos teu diperyorgikeun deui, da kasilih ku traktor. Atuh padamelan matuh abdi téh panginten lapur.”

- Lurah : (Neuteup Ki Sadiho, bari nyarita, ngalelemu).  
”Is, ari nyarita téh. Naha jalma téh kabéh pikiranana geus robah kitu? leuh Jang, kituna mah enya jaman geus diimbangan ku téhnologi canggih, tapi lain hartina kudu mophohokeun kana barang samemehna. leung Jang Diho, téhnologi canggih téh entengning bangga. Enteng lamun nu mampuh. Mampuh waragadna, mampuh ngagunakeunana. Téhnologi canggih téh bédana pedah leuwih praktis jeung leuwih gancang. Ngagarap sawah maké alat tradisional ogé Jang, ari dileukeunan, jeung enya-enya mah dipigawéna hamo burung teu réngsé. Matak wayahna, engke isuk téh pang- garapkeun sawah Bapa nu di lebak, nya! Tah sakitu heula, Bapa rék ka Pa Komis, bilih anjeunna ka bujeng ka Kabupaten. Wayahna nya Jang, ulah rék dipugagan!”

*Sanggeus sasalaman Pa Lurah ka luar.*

- Kardi : ”Abah, geus migawé sawah Pa Lurah meuli tv téh?”
- Ki Sadiho : (Nyampeurkeun anakna, digendeng dibawa ka tukang).  
’Teuing atuh Jang, ke urang pikiran deui!” ”Abong bolon teu ngarti di kolot heureut pakéun.”

*Panggung simpe, Nyi Karmah ngengklek deui budak bari ngagerendeng, tuluy nuturkeun salakina ka tukang.*

(Dicutat tina naskah Sabil karya Drs. Nana Juhana jeung Dra. Aan Sunarni)

## 2. *Nyawalakeun Drama jeung Métakeun Paripolah Palaku Drama*

Hidep kungsi diajar drama waktu di kelas hiji caturwulan tilu. Dina ieu pangajaran, hidep kudu nyawalakeun unsur drama (”Sabil”) diluhur. Nu kudu disawalakeun téh perkara téma, palaku, kasang/latar tempat jeung waktu, jalan carita (galur/alur), amanat, dialog, prolog, jeung epilog. Unsur drama bieu kudu ditéangkan ku hidep sabatur-batur.

### **Jawab ku cara nyakra aksara panuduh jawaban!**

1. Palaku utama drama sababak nu judulna ”Sabil”
  - A. Ki Sadiho
  - B. Nyi Karmah
  - C. Lurah
  - D. Kardi
2. Lurah : ”Puunten...!”  
Ki Sadiho : ”Maangga...!”  
Aeh geuning Pa Lurah, mangga linggih Pa Lurah!”  
Lurah : ”Teu kudu, Jang!”

Palaku Lurah jeung Ki Sadiho keur ngayakeun

- A. prolog
  - B. epilog
  - C. monolog
  - D. dialog
3. *"Kituna mah enya jaman geus diimbangan ku téhnologi canggih, tapi lain hartina kudu mophohokeun kana barang samemehna."*

Kalimah di luhur dina drama "Sabil" diucapkeun ku palaku

- A. Lurah
- B. Kardi
- C. Ki Sadiho
- D. Nyi Karmah

**Jawab ieu soal!**

- 4. Pétakeun paripolah Ki Sadiho waktu Lurah sumping!
- 5. Pétakeun paripolah Lurah basa rék pamit ka Ki Sadiho!